

# Vaksen Kont Epatit B

## Sa Ou Dwe Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib an Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

### 1 Poukisa moun dwe pran vaksen?

Epatit B se yon maladi grav ki afekte fwa a. Se viris epatit B ki lakòz li. Epatit B kapab koze maladi ki pa grav ki dire pandan kèk semèn, oubyen li ka mennen nan yon maladi grav, ki dire tout lavi.

Enfeksyon avèk viris epatit B kapab swa egi oswa kwonik.

**Enfeksyon egi avèk viris epatit B an** se yon maladi akoutèm ki rive nan lespas 6 premye mwa yo aprè yon moun ta ekspozé a viris epatit B a. Sa kapab lakòz:

- lafyè, fatig, pèdi apeti, kè plen, ak/oswa vomisman
- lajonis, (po kò oubyen zye jòn, pipi fonse, pou pou ki gen koulè ajil)
- doule nan misk, nan jwenti, ak nan vant

**Enfeksyon ak viris epatit B kwonik lan** se yon maladi alontèm ki rive lè viris epatit B an rete nan kò yon moun. Pifò moun ki vin devlope epatit B kwonik pa gen sentòm, men li trè grav kanmenm epi li kapab lakòz:

- domaj nan fwa (siwoz)
- kansè nan fwa
- lanmò

Moun ki gen enfeksyon kwonik kapab simaye viris epatit B an bay lòt moun, menmsi yo pa santi yo malad oswa menmsi yo pa sanble yo malad. Apeprè 1.4 milyon moun nan Etazini ka gen enfeksyon epatit B kwonik. Apeprè 90% timoun ki gen epatit B vin enfekte nan fason kwonik, epi 1 sou 4 ladan yo rive mouri.

Epatit B simaye lè san, dechay, oubyen lòt likid nan kò a ki enfekte avèk viris Epatit B a antre nan kò yon moun ki pa enfekte. Moun kapab vin enfekte avèk viris la nan:

- Nesans (yon tibebe ki gen manman ki enfekte kapab enfekte nan moman akouchman oubyen aprè)
- Pataje atik tankou razwa oubyen bwòsdan avèk yon moun ki enfekte
- Kontak avèk san oubyen yon maleng ouvè lakay yon moun ki enfekte
- Relasyon seksyèl avèk yon patnè ki enfekte
- Pataje zegwi, sereng, oubyen lòt ekipman pou pran piki dwòg
- Ekspozisyon a san ki nan zegwi oubyen lòt zouti ki file

Chak ane, anviwon 2,000 moun nan Etazini mouri anba maladi fwa ki gen rapò avèk epatit B.

Hepatitis B VIS - Haitian Creole (10/12/18)

**Vaksen kont epatit B** kapab anpeche ou gen epatit B avèk konsekans li yo, tankou kansè nan fwa ak siwoz.

### 2 Vaksen kont epatit B

Se avèk pati nan viris epatit B a yo fè vaksen kont epatit B a. Li pa kapab koze enfeksyon epatit B an. Dabitid yo bay vaksen an sou fòm 2, 3 oswa 4 piki pandan yon peryòd 1 a 6 mwa.

**Tibebe yo** dwe resevwa premye dòz vaksen kont epatit B yo lè yo fèk fèt, epi dabitid yo fin pran seri a nan laj 6 mwa.

Tout **timoun ak adolesan** ki pi jèn pase laj 19 an epi ki poko janm pran vaksen an dwe resevwa vaksen an tou.

Yo rekòmande vaksen kont epatit B an pou **granmoun** ki poko vaksinen epi ki riske pran enfeksyon ak viris epatit B an, tankou:

- Moun ki gen patnè seksyèl ki gen epatit B an
- Moun ki nan fè sèks epi ki pa gen anpil tan ap viv ak yon sèl patnè
- Moun k ap chèche evalyasyon oubyen tretman pou yon maladi transmisib atravè relasyon seksyèl
- Gason ki gen kontak seksyèl avèk lòt gason
- Moun k ap pataje zegwi, sereng, oubyen lòt ekipman pou pran piki dwòg
- Moun ki gen kontak ak yon moun anndan lakay li ki enfekte avèk viris epatit B an
- Moun k ap travay nan swen sante oubyen sekirite piblik epi ki anba risk pou yo ekspozé a san oubyen lòt likid nan kò moun
- Rezidan ak anplwaye ki nan etablisman pou moun ki gen andikap nan devlopman yo
- Moun ki nan etablisman koreksyonèl yo
- Moun ki viktim anba atak seksyèl oubyen kadejak
- Moun k ap vwayaje ale nan zòn kote ki gen ogmantasyon kantite epatit B an
- Moun ki gen maladi kwonik nan fwa, nan ren, ak enfeksyon VIH, oubyen dyabèt
- Nenpòt moun k ap chèche pwoteje tèt li kont epatit B an

Pa gen okenn pwoblèm yo konnen ki asosye ak lè yon moun ta pran vaksen kont epatit B an ansanm avèk lòt vaksen.



U.S. Department of Health and Human Services  
Centers for Disease Control and Prevention

**3****Sèten moun pa dwe pran vaksen sa a**

Fè moun nan k ap bay vaksen an konnen:

- **Si moun nan k ap resevwa vaksen an gen yon alèji ki grav, k ap menase lavi l.**  
Si ou te rive gen yon reyaksyon alèjik ki te menase lavi ou aprè ou te pran yon dòz vaksen kont epatit B, oubyen ou te gen yon alèji grav a nenpòt pati nan vaksen sa a, yo kapab konseye w pou w pa vaksinen. Si ou vle enfòmasyon sou eleman ki konpoze vaksen an, mande founisè swen sante w.
- **Si moun nan k ap resevwa vaksen an pa santi li byen.**  
Si w gen yon maladi lejè, tankou yon rim, ou ka petèt pran vaksen an jodi a. Si w malad nan fason modere oswa grav, ou ta dwe petèt rete tann jiskaske w refè. Doktè w kapab ba ou konsèy.

**4****Risk pou gen reyaksyon ak yon vaksen**

Avèk nenpòt medikaman, epi vaksen yo tou, gen yon chans pou gen efè segondè. Sa yo jeneralman lejè epi yo disparèt poukont yo, men reyaksyon grav ka posib tou.

Pifò moun ki pran vaksen kont epatit B an pa gen okenn pwoblèm avèk li.

**Ti pwoblèm piti** ki kapab rive aprè w fin pran vaksen kont epatit B an gen ladan yo:

- doulè kote yo te bay moun lan piki a
- tanperati 99.9°F oubyen pi wo

Si pwoblèm sa yo rive, anjeneral yo kòmanse touswit aprè vaksen an epi yo dire 1 oubyen 2 jou.

Doktè w lan kapab ba w plis eksplikasyon konsènan reyaksyon sa yo.

**Lòt pwoblèm ki ta kapab rive aprè vaksen sa a:**

- Pafwa moun yo pèdi konesans aprè yon pwosedi medikal, aprè yon vaksen tou. Chita oswa kouche pandan apeprè 15 minit kapab ede anpeche endispoze ak blese si w tonbe. Fè doktè ou konnen si ou santi vètij, oswa si w gen vizyon ou ki chanje oswa si w tande boudonman nan zòrèy ou.
- Gen kèk moun ki gen yon doulè nan zepòl ki kapab pi grav ak dire pi lontan pase jan doulè fè mal dòdinè apre yon piki. Sa rive trè raman.
- Nenpòt medikaman ka koze yon reyaksyon alèjik grav. Kalite reyaksyon konsa apre yon vaksen ra anpil, yo estime a mwens pase 1 ka sou yon milyon dòz, epi sa ta rive kèk minit oswa kèk èdtan apre moun nan fin pran vaksen an.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon ti chans tou piti pou yon vaksen koze yon chòk grav oswa lanmò.

Yo toujou kontwòle sekirite vaksen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb: [www.cdc.gov/vaccinesafety/](http://www.cdc.gov/vaccinesafety/)

Translation provided by the Immunization Action Coalition

**5****Kisa k ap pase si gen yon pwoblèm grav?****Kisa mwen dwe chèche?**

- Chèche nenpòt bagay ki enkyete w, tankou si yon reyaksyon alèjik grav, lafyèv ki wo anpil, oswa konpòtman anòmal.

Siy yon **reyaksyon alèjik grav** kapab gen ladan itikè, figi anfle ak gòj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, toudisman ak feblès. Siy sa yo ta kòmanse nan kèk minit pou rive nan kèk èdtan aprè ou pran vaksen an.

**Kisa mwen dwe fè?**

- Si ou panse se yon **reyaksyon alèjik ki grav** oswa si ou panse se yon lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa ale nan lopital ki pi pre a. Otreman, rele klinik ou an.

Après, yo dwe rapòte reyaksyon an nan Vaccine Adverse Event Reporting System, (Sistèm Rapò sou Efè Segondè Vaksen) (VAERS). Doktè ou dwe fè rapò sa a, oswa ou kapab fè li poukont ou sou sitwèb VAERS nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov), oswa ou kapab rele nan 1-800-822-7967.

VAERS pa bay konsèy medikal.

**6****Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan pran Vaksen**

National Vaccine Injury Compensation Program, (Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan pran Vaksen) (VICP) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te pran chòk akòz sèten vaksen.

Moun ki kwè yo ka te pran chòk nan pran yon vaksen, pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou yo fè yon reklamasyon, yo kapab rele nan 1-800-338-2382 oswa yo ka ale sou sitwèb VICP nan [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation). Gen yon delè limit pou prezante yon reklamasyon pou konpansasyon.

**7****Kijan mwen kapab aprann plis enfòmasyon?**

- Mande founisè swen sante ou. Li ka ba ou yon avi ki vini ak vaksen an oswa sijere lòt sous enfòmasyon.
- Rele departman sante lokal ou oswa departman sante eta kote w ap viv la.
- Kontakte Centers for Disease Control and Prevention, (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) (CDC):  
- Rele 1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO) oswa  
- Ale sou sitwèb CDC nan [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines)

DCH-0450HC AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.

Vaccine Information Statement  
**Hepatitis B Vaccine**  
Haitian Creole



Office use only

10/12/2018 | 42 U.S.C. § 300aa-26

## Haitian Creole

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzistans sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon , ak orè yo rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistreman an.